

Tegese Pasetujon Nyata

Pasetujon nyata yaiku keputusan sing dimangerteni, sukarela, lan bebarengan antarane kabeh peserta kanggo melu kawruh ing kagiyatan seksual. Pasetujon bisa diwenehake dening tembung utawa tumindak, anggare tembung utawa tumindak kasebut mujudake idin kang cetha babagan kasedhiyane peserta kanggo melu kawruh ing kagiyatan seksual. Meneng wae utawa ora menahi sanggahan, ing lan saka awake dhewe, ora mratelakake pasetujon. Tegese pasetujon ora beda-beda adhedhasar jinis kelamin, orientasi kelamin, identitas kelamin, utawa ekspresi kelamin peserta.

Pasetujon kanggo tumindak seksual apa wae utawa kagiyatan seksual sadurunge pasetujon diwenehake ing antarane utawa karo pihak sapa wae ora mesti mratelakake sawijine pasetujon kanggo tumindak seksual liyane.

Pasetujon dibutuhake ora preduli apa wong kasebut miwiti tumindak ing pangaribawa saka obat-obatan lan/utawa alkohol.

Pasetujon mungkin awale diwenehake nanging ditarik sembarang wektu.

Pasetujon ora bisa diwenehake nalika wong ora mampu, sing kedadean nalika wong ora duwe kemampuan kanthi sadhar kanggo milih melu kawruh ing kagiyatan seksual. Ora duweni kemampuan bisa disebabake dening kurange kesadharan utawa keturon, ora amarga kekarepane dhewe, utawa yen wong kasebut ora bisa menahi pasetujon. Gumantung tingkat keracunan, wong sing ing pangaribawa saka alkohol, obat, utawa racun liyane mungkin bisa ora mampu lan mula saka iku ora bisa menahi pasetujon.

Pasetujon ora bisa diwenehake nalika iku asil saka dipeksa, intimidasi, kekerasan, utawa ancaman sing mbebayani.

Nalika pasetujon ditarik utawa ora bisa diwenehake maneh, kagiyatan seksual kudu mandheg.

Amnesti saka Tuduhan Tumindak Panggunaan Obat-obatan lan Alkohol

Kasarasan lan kaslametan saben mahasiswa ing Rockland Community College iku wigati tenan. RCC ngakoni yen mahasiswa sing ngombe alkohol lan/utawa nggunakake obat-obatan (apa kuwi kanthi sukarela utawa kepeksa) nalika wanci kekerasan, kalebu nanging ora winates kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran, dibuntuti, utawa kekerasan seksual kedadean sing mungkin mangu-mangu arep nglaporake prastawa kasebut amarga wedi karo konsekuensi sing bakal ditampa saka tumindake dhewe. RCC nyengkuyung banget para mahasiswa kanggo nglaporake kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran, dibuntuti, utawa kekerasan seksual menyang pejabat institusi. Wong liya sing ndeleng kanthi niat apik utawa wong sing nglaporake kanthi niat apik kang menahi weruh kedadean kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran, dibuntuti, utawa kekerasan seksual apa wae menyang pejabat RCC utawa panegak ukum ora bakal kena pelanggaran kode etik kabijakan panggunaan alkohol lan/utawa obat-obatan RCC's sing kedadean nalika utawa cedhak ing wanci kedadean prastawa kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran, dibuntuti, utawa kekerasan seksual kasebut.

Deklarasi Hak-Hak Siswa

Kabeh mahasiswa duwe hak kanggo:

Gawe laporan menyang panegak ukum setempat lan/ utawa polisi negara bageyan;

Menehi katrangan sagamblange babagan kekerasan rumah tangga, kekerasan nalika pacaran, dibuntuti, utawa kekerasan seksual kanthi tenanan;

Gawe kaputusan bakal menehi katrangan sagamblange utawa ora babagan kejahatan utawa kekerasan lan melu kawruh ing proses ukum utawa tuntutan lan/utawa proses peradilan pidana kanthi bebas saka peksaan dening institusi;

Melu kawruh ing proses kang adil, ora abot sesisih, lan menehi wara-wara sing cukup lan kesempatan migunani kanggo dirungokake;

Diuwongke lan nampa layanan kasarasan lan panyuluhan saka institusi kanthi sopan, adil lan diajeni, ing ngendi kasedhiya;

Bebas saka saran manawa wong sing nglaporake minangka salah nalika kejahatan lan kekerasan kasebut kedadean, utawa kudune tumindak kanthi cara kang beda kanggo nyegah kejahatan utawa kekerasan kasebut;

Njlentrehake kedadean menyang wakil institusi kanthi wicaksana lan ora perlu mbaleni njlentrehake kedadean sing ora penting.

Direksa saka piwalesan dendam dening institusi, mahasiswa, lan kadakwa lan/utawa responden, lan/utawa kanca-kanca, kulawarga lan kenalan ing wilayah ukum institusi;

Akses marang paling ora siji tingkat banding kaputusan;

Dikancani karo penasehat pilihan sing bisa ngewangi lan menehi saran marang wong sing nglaporake, kadakwa, utawa responden nalika proses ukum utawa tuntutan kalebu nalika patemonan lan pamriksaan sing ana gandhengane karo proses kasebut;

Nglwksanakake hak sipil lan praktek agama tanpa campur tangan dening penyelidikan, peradilan pidana, utawa proses ukum utawa tuntutan saka institusi.

Hak-hak kasebut ditrapakake tanpa nyawang ras, kelir kulit, asal bangsa, agama, keyakinan, umur, kecacatan, jinis kelamin, identitas utawa ekspresi jender, orientasi seksual, status kulawarga, ngandut, predisposisi ciri genetik, status militer, status korban kekerasan rumah tangga, utawa ukuman kriminal lan tanpa nyawang apa kejahatan utawa kekerasan kasebut kedadean ing kampus, njaba kampus, utawa nalika sinau ing luar negeri.

Sampeyan duwe hak kanggo nggawe laporan menyang Polisi Universitas utawa Keamanan Kampus, panegak ukum setempat, lan/utawa Polisi Negara Bageyan utawa milih kanggo ora nglaporake; nglaporake kedadean marang institusi sampeyan; dilindhungi dening institusi saka piwalesan amarga nglaporake kedadean; lan nampa pitulungan lan sumber daya saka institusi sampeyan.